

Kesyon Yo Poze Souvan Yo Sou COVID-19

Mizajou: 30 septanm, 2021

Disponibilite vaksen ak planifye randevou

Ki kote mwen ka pran yon vaksen COVID-19?

Etandone efò siksè nou yo jis jounen jodi ak ogmantasyon pousantaj vaksinasyon nan kominote a, nou te redwi kantite [klinik vaksinasyon](#) nou an. Nou pwograme premye-dòz vaksen pou pasyan 12 ane ak pi gran men nou bay kèk randevou sèlman, pa anpil. [Ale nan sit planifikasyon nou sou entènèt](#) la pou pran randevou. Epi tou nou genyen kamyonèt kominotè ki ofri vaksen COVID-19 gratis nan sèten jou ak lè; sa a pa bezwen pou pran randevou. Tanpri [gade orè a](#) pou ki lè nou pral nan katye ou.

Nan Massachusetts, ou ka [vizite sit entènèt Mass.gov la](#) tou pou jwenn randevou vaksen tou pre ou oswa rele 2-1-1. Nan New Hampshire ou ka vizite [Vaccines.nh.gov](#) pou jwenn yon lokal tou pre w. Oswa, ou ka chèche nan [vaccines.gov](#), tèks kòd postal ou nan 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon lokal.

Mwen te resevwa premye dòz mwen nan yon lòt lopital oswa yon kote andeyò Mass General Brigham. Èske mwen ka vin pran dezyèm dòz mwen nan Mass General Brigham?

Non, nou pa pwograme randevou dezyèm dòz sof si ou te deja resevwa premye dòz ou nan yon lokal Mass General Brigham. Nou konseye ke pasyan planifye dezyèm dòz yo nan menm kote yo te resevwa premye dòz yo.

Vaksen Pfizer / Comirnaty ak Moderna chak mande pou de dòz. Vaksen Johnson & Johnson (Janssen) egzije yon sèl dòz.

Mwen iminodeprime, epi mwen te resevwa de premye dòz mwen nan yon lokal andeyò Mass General Brigham. Èske mwen ka al pran twazyèm dòz mwen nan Mass General Brigham?

Si ou te resevwa premye ak dezyèm dòz vaksen ou deyò Mass General Brigham, ou ka jwenn twazyèm dòz ou nan yon [sit vaksen](#) Mass General Brigham. [Vizite sit entènèt planifikasyon nou an](#) pou pran randevou. **Tanpri pote kat vaksen ou nan randevou ou.**

Kouman mwen ka jwenn ki vaksen mwen pral resevwa nan randevou vaksinasyon mwen kap vini an?

Pi bon vaksen an se sa ki disponib pou ou nan jou randevou ou. Se gouvènman leta ak federal la ki founi vaksen Mass General Brigham bay yo. Malgre ke nou pa chwazi ki vaksen nou jwenn nan distribisyon nou an, nou te sitou administre vaksen Pfizer / Comirnaty nan klinik vaksinasyon nou yo.

Tanpri remake: Pasyan ki gen laj 12 a 17 ap resevwa vaksen Pfizer / Comirnaty COVID-19 paske li otorize kounye a pou gwoup laj sa a.

Mwen pèdi kat vaksinasyon COVID-19 mwen an. Èske mwen ka ranplase li?

Byen ke nou pa ka ranplase kat vaksinasyon CDC fizik la, pasyan ki te pran vaksen nan yon lokal Mass General Brigham ka resevwa istwa vaksinasyon yo nan Patient Gateway la.

Si ou pa yon pasyan aktyèl ki anrejistre nan Patient Gateway, ou ka mande yon kopi dosye vaksinasyon ou sou papye nan Health Information Management Department (HIM) (Depatman Jesyon Enfòmasyon) nan Mass General Brigham. Ou pral bezwen ranpli yon fòm otorizasyon pou divilge enfòmasyon sou sante pwoteje. Ou ka jwenn fòm lan [isit la](#). Lè fòm sa a ranpli li dwe fakse oswa poste, epi enstriksyon yo enkli nan kwen anwo sou bòdwat fòm lan.

Si ou te pran vaksen an deyò sistèm Mass General Brigham la, w ap bezwen mande yon kopi enfòmasyon vaksinasyon ou nan men founisè orijinal la (pa egzanzp, CVS, Walgreens).

Depatman Sante Piblik Massachusetts bay konsèy adisyonèl sou fason pou ranplase kat ou [isit la](#).

Kisa pouw atann de yon randevou vaksen COVID-19

Li kesyon yo poze souvan sou kisa pou atann lè w ap pran yon vaksen COVID-19, ki gen ladan enfòmasyon sou efè segondè potansyèl yo.

[Kesyon moun poze souvan sou kisa pouw atann de vaksinasyon an](#)

Sou vaksen COVID-19 FDA otorize itilizasyon ijans aktyèlman yo

Èske vaksen yo pa gen okenn danje?

Nou pa pral rekòmande nenpòt ki vaksen ki pa te montre yo san danje epi yo efikas. Vaksen COVID-19 Moderna ak Johnson & Johnson yo ap itilize anba otorizasyon ijans pa Administrasyon Manje ak Medikaman an (FDA). FDA te akòde vaksinasyon Pfizer [apwobasyon konplè](#) pou pasyan ki pi gran pase 16 an nan 23 out 2021. Li rele Comirnaty kounye a. Vaksen an toujou disponib anba otorizasyon ijans pou timoun ki gen laj 12-15 ak pou administrasyon yon twazyèm dòz bay sèten pasyan ki iminodeprime yo.

Tout vaksen COVID-19 yo rekòmande pa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC). Yo te teste Vaksen COVID-19 avèk yon kokenn esè kote yo te eseye li ak anpil dè milye de moun ras diferan, laj, ak orijin. YO fè chak vaksen pase nan yon pwosesis revizyon regilatwa strik. Nou toujou ap kontwòle nenpòt enkyetid klinik oswa sekirite pou tout vaksen yo.

Èske gen kesyon sou efè segondè grav nan vaksen Johnson & Johnson (Janssen)?

FDA a ak CDC a amande enfòmasyon sou Johnson & Johnson (Janssen) COVID-19 vaksen an akòz yon enkyetid danje potansyèl yo. Te gen kèk rapò trè ra de yon kalite boul nan san yo rele tronbozi nan sinis venn serebral kay pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan. Menm si trè ra, risk pou sèten boul nan san parèt pi wo nan fanm ki gen laj 18-49.

FDA ak CDC gen konfyans vaksen sa a san danje epi efikas pou anpeche COVID-19. FDA a di ke ni benefis vaksen an ki konnen ni benefis potansyèl depase risk li ak potansyèl risk li genyen pou yo nan moun ki gen 18 an ak pi gran. Nan moman sa a, done ki disponib yo sijere ke chans pou boul nan san rive trè ba. FDA ak CDC rete vijilan nan kontinye mennen ankèt sou risk sa a.

Apran plis nan [sit entènèt FDA](#) lan.



Kouman vaksen Johnson & Johnson la bay efè li?

Vaksen Johnson & Johnson se pa yon vaksen mRNA. Li se yon vaksen vektè adenovirus. Li itilize yon vèsyon viris grip yo modifye, yo rele adenovirus 26 pou bay kò ou direksyon pou pwodui pwoteyin ki rele spike (an Anglè) yo ki sou sifas la nan koronavirus la. Lè sa a, sistèm iminitè ou ka fè antikò kont pwoteyin sa yo pou pwoteje ou kont COVID-19. Ou pa ka pran grip nan vaksen an.

Vaksen Pfizer / Comirnaty ak Moderna COVID-19 yo se vaksen mRNA. Kisa sa vle di ?

Menm si vaksen mRNA yo se yon nouvo kalite vaksen, chèchè yo t ap etidye ak travay sou yo pandan anpil ane. Yo pa gen viris vivan epi yo pa ka lakòz COVID-19. Olye de sa, yo bay selil nou yo direksyon sou kòman pou yo fè pwoteyin COVID-19 yo ki jwenn sou kouch deyò a nan koronavirus la. Lè sa a, sistèm iminitè nou an ka fè antikò kont pwoteyin sa yo epi pwoteje nou kont enfeksyon COVID-19. MRNA ki soti nan vaksen yo pa janm antre nan nwayo selil nou yo oswa antre nan ADN nou an. CDC a gen [enfòmasyon sou vaksen mRNA](#).

Èske mwen ka pran COVID-19 nan yon vaksen ?

Non. Vaksen yo (Pfizer / Comirnaty, Moderna, oswa Johnson & Johnson) pa gen viris la antye oswa vivan epi poutèt sa pa ka lakòz COVID-19.

Ki jan nou fè konnen vaksen yo mache? Èske vaksen Johnson & Johnson efikas nan pwoteje kont COVID-19 kòm lòt opsyon vaksen yo?

Tout vaksen COVID-19 yo pwouve yo trè efikas. Nan esè orijinal Faz 3 yo, [vaksen Pfizer / Comirnaty](#) te 95% efikas 7 jou apre dezyèm dòz la. [Vaksen Moderna a](#) te 94% efikas 14 jou apre dezyèm dòz la. Rezilta sa yo te konsistan atravè sèks, laj, ras, ak etnisite.

Dapre esè klinik orijinal yo, [vaksen Johnson & Johnson la](#) te 85% efikas kont maladi COVID-19 grav. Li te tou bay 100% pwoteksyon kont entènè lopital ak lanmò nan COVID-19.

Gade enfòmasyon sou [sit entènèt CDC la](#).

Konbyen tan iminite ap dire apre mwen fin pran vaksen an? Èske m ap bezwen pran vaksen chak ane?

Nou poko konnen sa. Esè klinik yo ap kontinye kontwole patisipan yo pou wè konbyen tan pwoteksyon an dire. Nou pral bay mizajou jan li vin disponib.

Èske mwen bezwen dòz adisyonèl apre mwen vaksinen konplètman?

Kounye a CDC rekòmande yon [twazyèm dòz](#) pou sèten moun ki te pran vaksen Pfizer / Comirnaty oswa Moderna COVID-19 pou konplete premye seri 2 dòz yo.

Tanpri sonje, nan moman sa a, pa gen okenn rekòmandasyon pou moun ki te resevwa Johnson & Johnson resevwa swa yon lòt dòz Johnson & Johnson oswa yon dòz vaksen Pfizer / Comirnaty oswa Moderna COVID-19.

Moun ki modera a grav iminokompromize ta dwe resevwa yon lòt dòz. Sa yo se moun ki:

- Tretman aktif pou kansè
- Moun ki te resevwa yon transplan ògàn epi ki ap pran terapi iminodespresif
- Moun ki te resevwa terapi selil CAR-T
- Moun ki te resevwa yon transplan selil souch de (2) ane ki sot pase yo oswa ki ap pran terapi iminodespresif a apre yon transplantasyon selil souch



- Moun ki gen iminodefisyans primè modere oswa grav (ki gen ladan tout pasyan k ap resevwa IVIg oswa SCIg akòz yon iminodefisyans fondamental; pasyan ki gen lòt iminodefisyans fondamental ki pa resevwa ranplasman IgG ka konseye sou yon baz ka pa ka)
- Moun ki fè ka VIH avanse (jeneralman defini kòm yon konte CD4 ki gen mwens pase 200 oswa pousantaj CD4 nan 14 oswa mwens) oswa enfeksyon VIH ki pa trete
- Moun ki ap pran wo-dòz kòtikoterapi (sa vle di ekivalan 20 oswa plis miligram Prednisone pa jou)
- Moun ki ap resevwa lòt dwòg ki ka siprime repons iminitè a (sètadi, blokè nekwoz-timè yo oswa lòt ajan byolojik ki imunosupresif oswa iminomodilatwa)

CDC pa rekòmande dòz adisyonèl pou nenpòt lòt popilasyon nan moman sa a. Si ou pran vaksen an konplètman, pa gen anyen lòt bagay ou bezwen fè. Nou pral bay mizajou si gen rekòmandasyon pou dòz adisyonèl vaksen COVID-19 yo pou moun ki pa modere a grav iminokonpromi.

Mwen te deja gen COVID-19. Èske mwen ta dwe pran vaksen an?

Wi, ou ka toujou pran vaksen an si ou te gen COVID-19 epi ou te refè.

Sepandan, ou pa ta dwe pran vaksen an si :

- Ou gen yon enfeksyon COVID-19 aktif epi ou anba izòlman: ou ta dwe rete tann jiskaske ou lage nan izolasyon, oswa
- Gen [sentòm ki ta ka soti nan COVID-19](#): ou ta dwe rete tann jiskaske ou evalye ak detèmine pa gen yon enfeksyon

Ki efè segondè komen yon vaksen COVID-19?

Gen kèk moun ki gen efè segondè apre yo fin resevwa vaksen an. Pou pifò moun, efè segondè dous yo konn rezoud nan yon jou oswa konsa. Sentòm ki pi souvan rapòte yo:

- Nan vaksen Pfizer / Comirnaty - doulè nan sit piki a, fatig, maltèt, doulè nan misk, doulè nan jwenti, ak frison.
- Nan vaksen Moderna an - doulè nan sit piki a, fatig, maltèt, doulè nan misk, frison, doulè nan jwenti, anfleman gangliyon lenfatik nan bra a nan menm bò ou pran piki a, kè plen ak vomisman, ak lafyèv.
- Nan vaksen Johnson & Johnson la - doulè nan sit piki a, tèt fè mal, fatig, doulè nan misk, ak kè plen.

[Li plis sou efè segondè potansyèl yo](#)

Kilè mwen konplètman vaksinen?

Yo konsidere w kòm vaksinasyon konplè si li te gen:

- **2 semèn** depi ou pran yon sèl-dòz Johnson & Johnson vaksen an
- **2 semèn** depi ou resevwa **dezyèm dòz** vaksen Pfizer / Comirnaty oswa Moderna

*Si li te mwens pase 2 semèn, ou **pa** konplètman vaksinen.*

Èske mwen bezwen yon tès antikò COVID anvan oswa apre mwen pran yon vaksen COVID-19?

Tès antikò pa rekòmande kounye a pou evalye pou iminite kont COVID-19 apre vaksinasyon COVID-19 oswa pou evalye bezwen vaksinasyon nan yon moun ki pa pran vaksen an. Tès antikò pou tès antikò-Spike disponib nan MGB atravè etid rechèch klinik apwouve sèlman.



Kach-nen, distans sosyal, ak nouvo varyant yo

E konsènan mete kach-nen ak distans sosyal ?

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [sit entènèt CDC la](#), [sit entènèt eta Massachusetts la](#), ak [sit entènèt eta New Hampshire](#). Remake byen ke direktiv leta ak lokal yo ka varye pou mete kach-nen ak rasanbleman andedan / andeyò kay la. Vil lokal ou a ka gen diferan direktiv kidonk li enpòtan pou ou tcheke direktiv lokal ou yo.

Pasyan ki gen **transplantasyon ògàn solid oswa ki iminokonpwomi** ta dwe pale ak ekip swen yo pou diskite sou rekòmandasyon sou mete kach-nen ak distans sosyal.

Menm apre ou fin pran vaksen an, enfeksyon nan moun ki pran vaksen ka toujou rive. Erezman, yo gen tandans yo dwe twò grav oswa menm sentòm. Sepandan, si ou gen [sentòm COVID-19](#), ou ta dwe pale ak founisè swen sante ou, kèlkeswa estati vaksinasyon ou. Ou ka bezwen [teste pou COVID-19](#) la. Gade plis enfòmasyon sou [sit entènèt CDC](#) la

Tanpri sonje: Pasyan yo ak vizitè nan lopital ak etablisman swen sante Massachusetts General Brigham yo dwe kontinye mete yon mask etablisman-bay tout tan lè ou andedan etablisman nou yo. Anplwaye yo ap kontinye fè menm bagay la tou. Tout sa se pou sante ak sekirite tout moun nan swen nou yo ak otorite sante piblik rekòmande sa a. Gade [politik mask](#) nou an.

Ki sa ki Varyan Delta la?

Viris toujou ap chanje pa mitasyon. Yon varyan gen youn oswa plis mitasyon ki fè li diferan de lòt varyan nan sikilasyon. Kòm sa te prevwa, plizyè varyan nan COVID-19 yo te dokimante nan Etazini ak atrvè lemond pandan pandemi sa a.

Nou genyen varyan Delta la nan kominote nou epi l ap gaye. Nou toujou ap aprann sou varyan sa a. Men, nou konnen ke varyan Delta la gaye pi fasil pase viris COVID orijinal la. Li gaye sitou nan pami moun ki pa vaksinen. Nou poko konnen si li lakòz maladi pi grav. Nou toujou ap aprann sou varyan Delta la ak lòt varyan yo.

Èske moun ki pran vaksinen ka enfekte ak Varyan Delta la?

Byen ke moun ki vaksinen ka toujou enfekte, bon nouvèl la se ke vaksen yo ap ba ou pwoteksyon ekselan. Enfeksyon nan moun ki pran vaksen an - sa yo rele "enfeksyon kay moun ki vaksinen deja" - gen tandans yo pa twò grav oswa pou yo pa bay okenn sentòm. Sepandan, moun ki enfekte yo, menm si yo te pran vaksen an, ka toujou gaye maladi a bay lòt moun.

Si ou gen sentòm COVID-19 oswa ou te ekspoze, swiv konsèy sante piblik konsènan izolasyon ak karantèn, ak tès.

Vaksinasyon se toujou pi bon pwoteksyon kont viris la. Li enpòtan pou konnen ke pifò ka COVID-19, entènè lopital, ak lanmò nan moun ki pa vaksinen.

Èske mwen ta dwe pran Ivermectin pou anpeche oswa tretre COVID?

Gen rapò nan medya yo ke gen kèk moun ki ka ap itilize Ivermectin pou anpeche oswa tretre COVID-19. Ivermèktin se yon medikaman ki itilize pou tretre parazit yo. Pa gen okenn done ki sipòte pou sèvi avèk Ivermectin pou prevansyon oswa tretman COVID-19. Li pa apwouve pa FDA pou prevansyon oswa tretman COVID-19. Gen rapò sou moun ki te blese lè yo pran Ivermectin pou anpeche oswa tretre COVID.



Tanpri gade [FAQ \(Kesyon Moun Poze Souvan\) pa FDA](#) a ak yon [konsiltatif nan CDC](#) la pou plis enfòmasyon.

Alèji

Èske vaksen kont COVID-19 yo lakoz reyaksyon alèji?

Gen kèk rapò ki di gen moun ki gen reyaksyon alèji apre yo fin vaksinen. Yon ti kantite moun te gen reyaksyon alèji grav yo rele anafilaksi. Baze sou sa a, Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo (FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC) rekòmande pou moun ki gen yon antesedan anafilaksi ak nenpòt nan engredyan ki nan yon vaksen kont COVID-19 pa ta dwe pran vaksen sa a. Moun ki gen lòt alèji ak manje oswa medikaman ka vaksinen.

Anjeneral, pifò pasyan ki alèjik ak yon grenn vaksen ka resevwa lòt vaksen yo san danje. Si ou gen yon antesedan reyaksyon alèji ki grav ak vaksen yo, terapi enjektab, oswa nenpòt konpozan vaksen kont COVID-19 ou pral resevwa a, ou ta dwe pale ak founisè swen prensipal ou an oswa alèjis ou an (si ou gen youn). Founisè ou an ka ede ou deside si l san danje pou ou vaksinen.

[Li plis apwopo efè segondè ki ka genyen yo](#)

Èske mwen ka pran vaksen COVID-19 si mwen gen yon alèji pou manje oswa medikaman?

Ou ka resevwa yon vaksen COVID-19 si ou gen yon alèji pou manje oswa medikaman. Vaksen Pfizer / Comirnaty, Moderna, ak Johnson & Johnson COVID-19 pa gen jelatin, ze, oswa latèks. Men, si ou gen yon istwa anafilaksi akòz nenpòt ki kòz (manje, medikaman nan bouch, venen, latèks), ou ta ka obsève pou 30 minit apre ou fin resevwa vaksen an.

Ki engredyan ki nan vaksen kont COVID-19 yo?

Vaksen Pfizer/Comirnaty, Moderna, ak Janssen (Johnson & Johnson) yo kont COVID-19 la pa gen jelatin, ze, oswa latèks. Epitou, bouchon flakon yo pa fèt ak latèks kawotchou natirèl. Pasyan yo ki gen alèji ak latèks ka resevwa vaksen Pfizer, Moderna, ak Janssen (Johnson & Johnson) yo kont COVID-19 la.

Ni vaksen Pfizer/Comirnaty ni vaksen Moderna yo kont COVID-19 la toude gen glikòl poli-etilèn. Reyaksyon ak glikòl poli-etilèn yo ra anpil. Pasyan ki gen yon antesedan reyaksyon alèji ak poli-etilèn yo ta dwe pale ak founisè yo an anvan yo resevwa vaksen Pfizer oswa Moderna a.

Ingredients of the COVID-19 vaccines

	Pfizer-BioNTech / Comirnaty	Moderna	Johnson & Johnson
Actif	ARN mesaje yon nikleyosid modifiye (ARNmod) ki kode glikopwoteyin pwent viral (S) SARS-CoV-2 an.	ARNm yon nikleyosid modifiye ARNm ki kode glikopwoteyin pwent viral (S) SARS-CoV-2 an.	Adenoviris tip 26 ki rekonbine, ki pa konpetan pou replikasyon, ki ekspime pwoteyin pwent SARS-CoV-2 an
Inaktif – lipid yo	(4-hydroxybutyl)azanediyil)bis(hexane-6,1-diyil)bis(2-hexyldecanoate)	SM-102 (Esklizif ak Moderna)	2-hydroxypropyl-β-cyclodextrin (HBCD)



	2[(polyethylene glycol [PEG])-2000]-N,N-ditetradecylacetamide	Polyethylene glycol (PEG) 2000 dimyristoyl glycerol (DMG)	Polysorbate-80
	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	
	Kolestewòl	Kolestewòl	
Inaktif - sèl, sik, tanpon	Klori potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klori sodyòm, fosfat sodyòm dibazik de-idrate	Twometamin, idwoklori twometamin, asid asetik, asetat sodyòm	Mono-idrat asid sitrik, di-idrat sitrat trisodyòm
	Sik (sikwoz)	Sik (sikwoz)	Etanòl
	Sòlvan, ki ajoute ak vaksen an pou yo bay li, se yon dlo sale (klori sodyòm)	Li pa bezwen okenn sòlvan	Klori sodyòm

Kisa ki yon alèji ak vaksen?

Menm jan pou alèji ak manje oswa ak medikaman yo, moun yo ka alèji ak yon engredyan nan yon vaksen. Apeprè mwatye nan reyaksyon alèji ak vaksen yo rive pandan premye 15 minit apre ou fin resevwa vaksen an, epi 90% rive nan 30 premye minit yo. Majorite reyaksyon alèji yo dou, tankou itikè yo.

Yon reyaksyon alèji ki grav rele anafilaksi, ki ra anpil, ki rive yon moun sou yon milyon pou majorite vaksen yo. Sentom anafilaksi prèske toujou parèt nan 4 è apre ou fin resevwa vaksen an, pi souvan nan kèk minit. Sentom yo konn parèt plizyè kote nan kò a: itikè sou po a; bouch anfle; lèw; lang oswa gòj; souf kout, ral, oswa lestomak sere, oswa tansyon ba oswa pèdi konesans.

Kisa k ap pase si mwen reyaji ak vaksen kont COVID-19 la?

Akoz majorite reyaksyon alèji yo rive ant 15 ak 30 minit, tout pasyan yo sou obsèvasyon pandan 15 minit apre yo fin resevwa vaksen an pou yo wè si ap gen reyaksyon alèji. Si ou gen antedan anafilaksi, ou ka gen yon peryòd 30 minit obsèvasyon apre ou fin resevwa vaksen an. Si ou gen yon reyaksyon alèji, pèsònèl medikal la ap ba ou tretman touswit. Tout anplasan vaksinasyon yo ka dyagnostike epi kontwole reyaksyon alèji yo epi yo gen medikaman disponib, tankou epinefrin (“Epi-Pen”).

Pasyan ki iminokonpwomèt

Mwen iminokonpwomèt. Èske mwen ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19?

Wi, li enpòtan pou pran vaksen an. Moun ki iminokonpwomèt yo nan pi gwo risk pou enfeksyon grav ak entènè lopital nan enfeksyon COVID-19. Yo ka bay moun ki gen iminokonpromisyon vaksen COVID-19 yo san danje toutotan yo pa t gen okenn sousi ak pran vaksen oparavan. Pou kesyon sou alèji ki gen rapò ak vaksinasyon kont COVID-19, tanpri gade [kesyon yo poze souvan sou alèji](#).

Pasyan ki iminokonpwomèt yo gen ladan yo moun:

- K ap viv ak VIH yo
- Sou tretman iminosipresif tankou steroid (prednizòn) pandan lontan



- Sou tretman iminosipresif pou prevansyon rejè transplantasyon ògàn
- Sou medikaman ki modifiye tankou tretman biyolojik (yo pran souvan nan piki). Yo itilize sa yo pou tretman maladi oto-imitè tankou maladi Crohn, poli-artrit rimatoyid, lipis ak lòt.

CDC la rekòmande ke moun ki modere a gravman iminokompwomèt ta dwe pran yon twazyèm dòz vaksen Pfizer / Comirnaty oswa Moderna COVID-19. Li plis nan seksyon Konsenan Vaksen Yo ki anwo a (*paj 3, Èske mwen bezwen dòz adisyonèl apre mwen vaksinen konplètman?*).

Èske mwen jwenn menm pwoteksyon nan vaksen kont COVID-19 yo menm jan ak moun ki pa iminokompwomèt?

Nou poko konnen jis nan ki pwen vaksen COVID-19 yo pral efikas pou ou. An jeneral, li tipik pou moun ki gen sistèm iminosiprime yo pa jwenn menm nivo pwoteksyon nan vaksen yo. Pou moun ki resevwa transplantasyon, pwoteksyon redwi sa a asosye avèk medikaman iminosipresyon ke yo pran apre operasyon an. Medikaman sa yo travay pou siprime sistèm iminitè a pou kò a pa rejte ògàn ki transplante a.

Repons antikò a nan vaksen COVID-19 yo pami moun ki gen transplantasyon ògàn resan pi fèb pase sa yo ki nan piblik la an jeneral. Men, yo toujou gen yon ti repons nan vaksen yo kanmenm.

Pou pasyan ki resevwa grèf yo, yon repons antikò diminye apre yo te fin pran vaksen kont COVID-19 ka depann de anpil faktè:

- **Laj** — Pasyan ki pi gran yo gen tandans pwodwi yon repons iminitè pi fèb apre vaksinasyon
- **Kalite medikaman iminosupresyon** — Kèk medikaman siprime sistèm iminitè a plis pase lòt yo. Pi fò medikaman lye avèk yon repons antikò ak selilè pi fèb nan vaksen COVID-19 yo.
- **Kantite tan depi transplantasyon**—Peryòd ki pi entans nan imunisipresyon se premye twa a sis mwa apre transplantasyon an. Yo evite vaksinasyon yo jeneralman pandan tan sa a.

CDC la rekòmande ke moun ki modere a gravman iminokompwomèt ta dwe pran yon twazyèm dòz vaksen Pfizer / Comirnaty oswa Moderna COVID-19. Li plis nan seksyon Konsenan Vaksen Yo ki anwo a (*paj 3, Èske mwen bezwen dòz adisyonèl apre mwen vaksinen konplètman?*).

Èske mwen ta dwe chanje medikaman iminosipresyon mwen yo lè mwen vaksinen?

Ou pa ta dwe chanje medikaman iminosipresyon ou sof si founisè ou di ou fè sa.

Èske mwen ka pran yon vaksen kont COVID-19 la si mwen te gen yon transplantasyon ògàn?

Wi, ou ka epi ou ta dwe vaksinen. Menm si li posib ke yon vaksen COVID-19 ka mwens efikas pou ou, vaksinasyon an toujou rekòmande. Gen toujou yon potansyèl benefis konsiderab nan anpeche enfeksyon grav ak entènè lopital soti nan enfeksyon COVID-19. Pa gen okenn preferans pou yon vaksen COVID-19 espesifik si ou se yon pasyan transplantasyon. Li ka pi bon pou w rete tann pou pran vaksen omwen 3 mwa aprè transplantasyon ou pou amelyore repons iminitè a nan vaksen ou resevwa a. Founisè transplantasyon ou ka ede detèmine pi bon moman pou pran vaksen an epi li ka di ou si ou bezwen tès laboratwa transplantasyon yo apre vaksinasyon an.

Si mwen te fè yon transplantasyon pou ògàn solid, èske mwen ka sispann mete mas si mwen te vaksinen ?



Malgre denye direktiv ki sot nan CDC a pou moun ki konplètman vaksinen li, li enpòtan pou moun ki resevwa transplantasyon kontinye pran tout mezi sekirite COVID-19 pou pwoteje tèt yo kont viris la. Sa a gen ladan mete mask nan espas piblik—ni andedan kay la ni deyò—yo ak pratike distans sosyal.

Pou moun ki iminokonpromèt ki vaksinen, [CDC rekòmande](#) pou kontinye menm prekosyon ak moun ki pa vaksinen. Se poutèt sa nou rekòmande ke ou:

- Pa reyini avèk fanmi ak zanmi ki p ap viv nan menm kay avèk ou, san ou pa mete mask epi ak mwens pase 6 pye apa **kelkeswa estati vaksinasyon yo**. Moun ki vaksinen ka kapab pataje viris la bay lòt moun.
- Mete yon mas ki byen ajiste lè ou deyò lakay ou.
- Lave men ou souvan, espesyalman anvan ou manje.
- Rete omwen a 6 pye (longè 2 bra) ak moun ki p ap viv avèk ou.
- Evite foul ak kote ki pa byen ayere. Plis ou an kontak ak moun, plis gen chans pou ou ekspoze ak COVID-19.
- Pa vwayaje nan moman sa a.

Daprè direktiv CDC, nou pa rekòmande tès antikò nan moman sa a. Nou toujou ap teste pi bon metòd pou detèmine iminite. Nou pa konnen ki nivo antikò ki ta bay pwoteksyon nan pasyan transplantasyon yo. Nou espere gen plis enfòmasyon byento.

Mwen ap tann transplantasyon ògan. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Li tèlman rekòmande pou pasyan yo pran vaksen COVID-19 yo anvan transplantasyon si sa posib. Sa a se paske resevwa vaksen an anvan yo kòmanse medikaman iminosipresyon pral ede w genyen yon nivo pwoteksyon kont enfeksyon COVID-19 ki pi wo.

Gwosès, alètman ak fètilite

Mwen ansent. Èske mwen ta dwe pran vaksen COVID-19 la?

Yo konsidere vaksinasyon kòm yon mezi san danje ki se pati swen woutin anvan akouchman yo. Parekzanp, yo pa sèlman ofri vaksen kont grip la pandan gwosès, yo rekòmande li tou.

Dapre done ki demontre ke moun ki ansent yo nan risk ogmante pou maladi grav ak COVID-19 ak nouvo done ki montre ke vaksen COVID-19 yo san danje epi yo efikas pandan gwosès, de pi gwo òganizasyon OB / GYN yo, Kolèj Ameriken an pou Obstetrisyen ak Jinekolog (the American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG) ak Sosyete pou Medikaman Matènèl ak Fetal (the Society for Maternal and Fetal medicine , SMFM), [rekòmande](#) vaksen sa a pou tout moun ki ansent kounye a.

Desizyon ou pran pou vaksinen pandan gwosès la ta dwe baze sou risk ou genyen pou ou ekspoze a viris la, ki jan ou ta ka malad si ou pran viris la, ak denye done ki disponib sou vaksen yo. Avèk èd founisè OB ou, ou ka diskite sou sa ki se pi bon opsyon pou ou.

Mwen konnen vaksen kont COVID-19 yo fenk parèt. Èske gen done sekirite pou moun ki ansent?

Menm jan ak anpil nouvo medikaman ak vaksen, yo te etidye vaksen COVID-19 yo sou zanimo ki ansent epi etid sa yo pa montre okenn komplikasyon ki gen rapò ak fètilite oswa repwodiksyon nan moun ki ekspoze ak vaksen an.

Plis pase 30,000 moun ki ansent gentan resevwa vaksen Pfizer/Comirnaty oswa Moderna nan peyi Etazini depi Desanm 2020 e jiskaprezan, CDC la fè konnen ke pa gen okenn enkyetid sou sekirite.



Pandan ke vaksen Johnson ak Johnson se denye FDA a apwouve, yo te itilize kalite vaksen sa a kont lòt viris nan etid atravè mond lan. Kèk nan etid sa yo enkli moun ki ansent. Pa gen okenn konplikasyon gwsès ki te rapòte nan ekspozisyon ak vaksen sa yo.

[Li plis sou konsiderasyon vaksinasyon nan CDC la.](#)

Si mwen deside vaksinen pandan mwen ansent, mwen ka vaksinen nenpòt lè?

Desizyon apwopo kilè pou ou vaksinen an ta dwe pran ak founisè OB ou an. Desizyon sa ta dwe konsidere risk ekspozisyon ou ak viris lan epi ki chans ou genyen pou ta ka tonbe malad si ou gen viris la. Pa gen okenn done ki sijere vaksen kont COVID-19 la lakoz foskouch.

Mwen te tande kèk moun te gen reyaksyon apre vaksinasyon. Èske sa yo danje nan gwsès la?

Sentom ki gen ladan yo lafyè, doulè nan misk, doulè nan atikilasyon, fatig ak maltèt se efè segondè ki komen nan touletwa vaksen kont COVID-19 yo. Pifò efè segondè lejè yo rezoud nan espas youn oswa de jou e nou pa kwè yo danje. Si ou enkyete ou konsènan efè segondè apati vaksen yo ak gwsès ou an, pale ak founisè OB ou a anvan ou vaksinen.

Èske gen enkyetid sou efè segondè grav nan vaksen Johnson & Johnson (Janssen) pandan gwsès la?

Te gen rapò ki ra anpil nan yon kalite boul nan san yo rele twonboz sinis venn serebral pami pasyan ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson an. Menm si trè ra, risk pou sèten boul nan san parèt pi wo nan fanm ki gen laj 18-49. Apre yon envestigasyon apwofondi sou evènman sa yo ki ra, FDA ak CDC gen konfyans ke vaksen sa a san danje epi efikas pou anpeche COVID-19 pou tout moun ki gen laj 18 an ak pi gran, ki gen ladan moun ki ansent.

Nan moman sa a, done ki disponib yo sijere ke chans pou boul nan san ki rive kòm yon rezilta pran vaksen sa a trè ba, men FDA a ak CDC yo ap rete vijilan nan kontinye mennen ankèt sou risk sa a.

Moun ki te pran vaksen Johnson ak Johnson nan dènye 21 jou yo ki gen gwo maltèt, doulè nan vant, doulè nan janm, oswa souf kout ta dwe chèche evalyasyon imedyat.

Aprann plis sou sa a nan [sitwèb FDA](#).

Si mwen deside pran vaksen pandan gwsès la, èske vaksen sa a ap pwoteje tibebe mwen an tou kont COVID-19?

Wi! Dènye etid sou moun ki ansent ki te resevwa vaksen COVID-19 la pandan gwsès demontre ke iminite a pase bay ti bebe a. Iminite sa a ka ofri ti bebe w pwoteksyon kont COVID-19.

Mwen ap bay tete. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Y ap ofri moun k ap bay tete yo vaksen kont COVID-19 yo aktyèlman. Nan moman sa a, pa genyen done konsènan enpak sou sante manman ki te vaksinen ki gen timoun ki nan tete yo. Yo pa kwè vaksen COVID-19 yo pote yon risk pou tibebe alètman manman yo te vaksinen an kòm nenpòt eleman vaksen ki parèt nan lèt tete a gen anpil chans pou yo inaktive byen vit lè lèt la dijere.

Anplis, dènye etid yo demontre ke iminite COVID-19 ou ka pase bay tibebe a nan lèt tete apre ou fin pran vaksen an. Akademi Medsin Alètman an rekòmande pou tout moun k ap bay tete pran vaksen kont COVID-19.



Si mwen resevwa vaksen Pfizer/Comirnaty a oswa vaksen Moderna, e si mwen vin ansent ant premye ak dezyèm dòz yo?

Kolèj Ameriken Obstetrisyen ak Jinekolojis yo te reyini yon gwoup ekspè ki rekòmande pou konplete tout gam vaksen an depi ou kòmanse pou ou ka benefisye yon iminite pi efikas ak atan.

Mwen planifye ansent pa twò lontan. Èske mwen ta dwe vaksinen kounya oswa tann?

Wi! Sa a se yon bon moman yo pran vaksen an. Yo pa kwè Vaksen COVID-19 afekte fètilite nan lavni ou. Lè w pran vaksen anvan ou ansent, sa ka anpeche COVID-19 pandan gwosès la. Li kapab tou evite bezwen vaksinasyon pandan gwosès la.

Èske vaksen an ap afekte règ yo?

Estrès, chanjman nan pwa ak fè egzèsis, ak lòt gwo chanjman estil lavi ka afekte peryòd. Tout chanjman sa yo komen pandan pandemi COVID-19 la. Etid yo montre tou ke kèk fanm ki te gen COVID-19 te gen eksperyans chanjman nan dire a ak jan règ yo koule.

Dènyèmman la, gen kèk moun ki rapòte chanjman nan règ yo apre yo fin resevwa vaksen COVID-19 la. Moun yo te rapòte chanjman nan dire, jan règ yo koule, ak sentòm tankou doulè. NIH ap finanse etid pou konprann chanjman sa yo pi byen.

Sa pa vle di gen nenpòt lyen ak foskouch. Koulye a, gen done ki soti nan anpil fanm ki te pran vaksen an ki sijere pa gen yon risk ogmante nan pèt gwosès.

Èske vaksen yo ap afekte chans mwen pou m tonbe ansent pi devan?

Pa gen okenn prèv ki montre vaksen sa yo afekte fètilite nan lavni.

Nan yon kominike konjwent, Kolèj Ameriken Obstetrisyen ak Jinekolojis yo (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG), Sosyete Amerikèn pou Medsin Repwodiktiv (American Society for Reproductive Medicine, ASRM) ak Sosyete pou Medsin Matènal-Fetal la (Society for Maternal-Fetal Medicine, SMFM) te di "pa gen prèv vaksen yo ka mennen nan yon pèt fètilite. Pandan yo pa t etidye fètilite a espesifikman nan esè klinik vaksen yo, pa gen pèt fètilite ki te rapòte pami patisipan yo oswa pami milyon moun ki te resevwa vaksen yo depi lè yo gen otorizasyon yo an, e pa t gen siy enfètilite ki te parèt nan etid zannimo yo. Syantifikman li pa pwobab pou gen pèt fètilite."

Èske vaksen COVID-19 yo lakòz esterilite?

Kounye a la, done swivi ki soti nan moun ki pran vaksen ki gen laj repwodiktif ansanm ak etid sou pasyan anvan ak apre vaksinasyon an pa bay okenn prèv ki montre vaksen COVID-19 yo lakòz pwoblèm fètilite (pwoblèm lè moun ap eseye vin ansent) nan fanm oswa gason.

A Èske gen etid sou vaksen COVID-19 ak fètilite fanm yo?

Jiska prezan, pèsonn nan etid vaksen COVID-19 pa montre okenn siy enfètilite paske yo te pran vaksen an. Plizyè fanm vin ansent pandan y ap patisipe nan etid vaksen COVID-19 la. Pasyan sa yo te swiv trè sere e vaksinasyon kont COVID-19 pa t 'ogmante risk enfètilite, foskouch, domaj nesans, oswa nenpòt ki lòt konplikasyon gwosès.

Pwogram CDC V-safe ap kontwole dè milye de moun ki gen laj pou fè pitit ak fanm ansent ki te resevwa vaksen COVID-19 la. Verifikasyon yo fè sou moun sa yo pa t 'revele yon risk ogmante nan enfètilite, foskouch, domaj nesans oswa nenpòt lòt konplikasyon gwosès.



Èske gen etid sou vaksen COVID-19 ak fètilite gason?

Pa gen okenn done ke pran vaksen COVID-19 afekte fètilite gason an. Te gen plizyè etid ki konpare konte espèm gason an anvan ak apre yo te resevwa vaksen COVID-19. Pa gen okenn chanjman enpòtan yo te note. Pa t gen okenn ogmantasyon nan pousantaj foskouch oswa domaj nesans nan gwosès kote patnè gason an te pran vaksen an.

Timoun

Èske timoun ka pran vaksen?

Vaksen Pfizer / Comirnaty apwouve pou jèn ki gen laj 12 zan ak pi gran. Vaksen Johnson & Johnson ak Moderna yo apwouve pou moun ki gen 18 an ak pi gran. Premye esè vaksen sa yo te limite a laj sa yo sèlman epi yo pa enkli moun ki pi piti yo.

Pasyan 12-17 lane ki kalifye yo bezwen [yon pèmisyon](#) siyen pa yon paran pou yo resevwa yon vaksen Pfizer / Comirnaty nan yon anplasman Mass General Brigham.

Kilè timoun ki gen 11 lane oswa mwens yo ap kapab pran yon vaksen kont COVID-19 lan?

Nou pa konnen kilè youn oswa plis nan vaksen yo ta gendwa apwouve pou moun ki nan gwoup laj sa a.

Sistèm iminitè timoun ak granmoun yo diferan e yo ka pwodui diferan repons iminitè ak vaksen yo. Yo bezwen etidye vaksen yo lakay timoun ki gen 11 lane ak mwens yo pou asire yo san danje e yo fonksyone. Aktyèlman genyen plizyè esè ak vaksen kont COVID-19 pou pasyan pedyatri yo. Yon fwa gen done, vaksen yo ap pase nan menm pwosesis revizyon Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo (FDA). Yo ap apwouve vaksen yo si done yo montre yo san danje epi efikas. Li gendwa pran plizyè mwa. Wè plis enfòmasyon nan [sitwèb CDC](#) la.

Pasyan ki gen kansè

Mwen gen kansè. Èske mwen ka pran yon vaksen kont COVID-19 la?

Wi. CDC an di moun ki gen kansè yo gendwa resevwa vaksen kont COVID-19 la, toutotan yo pa gen okenn sousi ak pran vaksen oparavan.

Èske mwen ta dwe pran vaksen si mwen ap resevwa tretman kansè aktivman oswa mwen ta dwe tann jouk tretman mwen an fini?

Si tretman aktyèl ou an gen ladan li chimyoterapi, iminoterapi, terapi ki sible oswa radyoterapi, ou ta dwe pale ak ekip swen ou an pou deside kilè pou ou vaksinen.

Lè ou ap pran desizyon ou an, ou ta dwe konsidere risk ekspozisyon ou ak viris la, ki chans ou genyen pou ta ka tonbe malad si ou pran viris la e kilè ou ap fini tretman an.

Si ou fini ak tretman, ou ta dwe vaksinen. Sa gen ladan l pasyan yo toujou ap wè yo apre tretman oswa yo panse ak yo kòmkiwa yo nan pati "sivivan" nan vwayaj yo an.

Èske vaksen yo ap jennen tretman kansè mwen an?

Non. Nan moman sa a, pa gen prèv pou sijere vaksen yo pral afekte tretman kansè ou an.

Èske moun k ap ban m swen an ka vaksinen?

Moun k ap ba ou swen an (pa egzanp: mari/madanm ou an oswa pitit ou ki adilt lan) ta dwe pale ak pwòp founisè swen sante yo an pou detèmine si yo ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19 la. Li



rekòmande pou tout moun nan kay la ki elijib ak kontak pwòch moun ki iminokonpwomi yo pran vaksen an.

[Aprann plis sou disponiblite vaksen an epi pwogramasyon yo nan Mass General Brigham](#)

Lòt Resous

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Avantaj nan Pran yon Vaksen kont COVID-19 lan - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>
- Vaksen kont COVID-19 lan nan Massachusetts - <https://www.mass.gov/covid-19-vaccine>
- Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo: Vaksen Pfizer-BioNTech la kont COVID-19 la - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/pfizer-biontech-covid-19-vaccine>
- Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo: Vaksen Moderna la kont COVID-19 la - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/moderna-covid-19-vaccine>
- Konprann Vaksen ARNm COVID-19 yo - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html>
- Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo: Vaksen Johnson & Johnson (Janssen) la kont COVID-19 la - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine#additional>
- Sitwèb Mass General Brigham lan pou COVID-19 la - <https://www.massgeneralbrigham.org/covid19>

